Здесь уже заранее были люди, которые готовили наваристую шурпу, уху из лосося, шашлыки разных видов и множество другой еды, вплоть до черной и красной икры. Среди большой и дружной нашей компании несколько человек были мне знакомы: кроме Султана здесь были Ваха Сибиров, председатель районного суда; Ахмед Джанхотов, директор винзавода; Хусейн Сайдулаев, директор школы и постоянный тамада на всех застольях. Все было просто замечательно, пока не стало вечереть. С наступлением сумерек на нас двинулись полчища комаров, да таких злых, что кусали даже через одежду. Я обычно видел этих созданий кружащих возле себя, прежде чем кусать, а тут прямым ходом врезались в плоть. Мы пытались подействовать на них дымом, но чем больше темнело, тем многочисленнее они становились. В итоге мы сдали свои позиции кровопийцам и уехали на квартиру к Вахе Сибирову.

Молодежь, что обслуживала нас, привезла нам яства, и мы до утра приятно провели время. Махмуд источал позитивную энергию, с ним было легко и весело, его остроумию и юмору не было конца. Он нам рассказывал о разных случаях, происходивших с ним во время гастролей по миру. Однажды в Канаде его пригласили в гости к местным аборигенам, там к нему обратился вождь индейцев, произнеся на украинском языке «Здоровеньки булы». Оказалось, что он сын украинского эмигранта, который женился на индейской девушке, а позже стал вождем их племени.

В другой раз, приехав задолго до концерта к отведенному им залу, он увидел вдали группу мужчин и сразу сказал своим сопровождающим, что это чеченцы по национальности. Все были удивлены, ибо в этой стране у них был первый концерт, и Махмуд никого здесь не знал. Когда у него спросили, как он их определил, Махмуд ответил: «Я определил по тому, как они стоят». Оказалось, что мужчины стояли, держа руки на пояснице, подбоченясь. В годы депортации и позже эта поза была популярна среди чеченцев, у других народов ее почти не было.

Муса Асхабов

Продолжение следует

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

МЕХАПА ХЬЕХАМАШ

РИЦКЪАНАН ХАЛО БАХЬАНА ДОЛУШ СИНГАТТАМЕ МА ХИЛА...

Бакъдолуш, рицкъа луш верг – Цхьаъ волу АллахI ву хьуна, адамийн рицкъа Цуьнгахь ду хьуна, Цо иза Шена тIелаьцна а ду хьуна, «Стиглахь ду шун рицкъа а, шуна хир ду аьлла кечдина дерг а».

Ткъа, рицкъа луш верг АллахI хилча, адамаш адамашна хьалха рицкъанан дуьхьа хьесталуш сийсаз хIунда хуьлу? Лекха волчо аьлла ма-ду: «Лаьтта тIехь лелаш цхьа а хIума дац АллахIа цуьнан рицкъа Шена тIелаьцна долуш бен». Кхин а ма аьлла Шен цIе сийлахь йолчо: «АллахIа адамашна Шен къинхетам схьабиллича – иза сацо цхьа а вац; ткъа Цо иза сацийначул тIаьхьа иза дIахеца цхьа а вац».

БАЛАНИЙН ХАЛО АТТА ЙЕН БАХЬАНАШ

1. Нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIера йо́лé а, ме́лé а догдахар: «Бакъдолуш, собаре хиллачарна дIакхачор бу церан ме́л, доза доцуш».

2. Балехь, халонехь берш гар. Хьажа хьайна гонаха, аьтту агIор а, аьрру агIор а.. Шегахь цхьа бала болуш, йа цхьа хало йолуш, йа ша́ цхьана кепара зуьйш волуш карор ву хьуна массо.

3. И хьайна тIехIоьттина хало а, бала а кхечул атта буй хаар; хьайна цул халаниг хила тарлорий хаар.

4. И бала хьайн динца боьзна боцуш, хьайн дуьненца боьзна буй хаар.

5. Хазахеташ долчу хIуманна тIехь АллахIана муьтIахь хиларал доккха дуй хаар, халахеташ долчунна тIехь АллахIана муьтIахь а хилла, Цо динарг къобалдар, цунна реза хилар.

6. Хилларг хилла даьллий, хIинца дан хIума доций хаар.

7. Iаламийн Эла волчу АллахIа хаьржинарг дерриге а дика дуй хаар: «Шуна цхьа хIума вон хета мега, (ткъа мадарра долчуьнга диллича) иза шуна дика а долуш».

ИРСЕ ХИЛАРНА ЦХЬАЙОЛУ БАКЪОНАШ

1. Хаийла хьуна, нагахь санна хьо хьайн таханлера дийнан дозанашкахь ца вахахь, ойла йаьржина хир йу хьан, гIуллакх лартIехь дIагIур дац хьан, гIайгIанаш а, сагатдарш а совдевр ду хьан. И ду хIокху дешнийн маьIна: «Хьуо Iуьйренга ваьлча суьйренга ма хьежа; хьуо суьйренга ваьлча Iуьйренга ма хьежа».

2. ДIайахана зама а, цу чохь хилларг а дицде. Хила а хилла дIадаьлла долчуьнца бала кхачар хьекъале цахилар ду, кхетаме цахилар ду.

3. Хиндолчун дукха гIайгIа ма йе, иза вайна девзаш доцучу къайлах долчух ду. Цу тIехь ойла йар Iадда дита, иза схьадеана даллалц.

4. Критике хьуо вега ма вайта, и бахьана долуш воха а ма воха. Хаа деза хьуна, критика хьо мел мехала ву хьаьжжина хир йу хьуна.

5. АллахIах тешар (ийман) а) тешарг (и тешар шеца доцуш волу) Iеса стаг санна?! Цхьатера бац уьш]. (Сурат «Ас-Сажда», 18 айат)

Къуръанан маьIна дина болчу цхьаболчу Iеламнаха хьахийна ду, йалсаманин охIанна Дала лур долчу зовкхах а, диканах а хир ду уьш жоьжахатин охIанга хьовсар, тIаккха цара шайн Далла баркалла алар, Цунна хастам бар, шайна и дика даларна.

Олуш ма-хиллара, «дуьхьал долчуьнга хьажарца билгалдолу хIума».

ИРСЕ МАЦА ХУЬЛУ?

Тирмизийс дийцина иштта хьадис: «Шена цхьа а кхерам боцуш, шен дегIаца могаш волуш, шен дийнахь баа кха́ча а болуш Iуьйренга ваьлларг дерриге а дуьне шен деши, дети ду-те и? Ткъа цуьнан-м царах хIумма а хилла ма йац.

Бакъдолуш, цу воккха Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) вижар-гIаттар поппарх йина йолчу, тхов хурманан диттан ге́не́х бина болчу чоьна чохь хилла. Мацалла бахьана долуш шен гай тIе ши тIулг боьхкуш хилла цо. Хурман диттан гIанех бина болу миндар коьрта кIел буьллуш хилла цо, цунах йуьхь тIехь лар йуьссуш хилла цунна. Ткъеитт сахь хиллал болу мукх баькхина хилла цо декхарина цхьана жуьгтичуьнгара, цунна караделла шен гIагI цуьнгахь а долуш валар а нисделла цуьнан. Кхо де хан йолуш хилла цуьнан, воних хилла а, хурманах кхалла хIума ца карош, цунах вуьзна а вуза йиш йоцуш.

«Эхарт дика ма ду хьуна (кху) дуьненал. Хьан Дала лур а ма ду хьуна, реза а хир ма ву хьо». (Сурат «ад-Духьа» 4-5) «Бакъдолуш, Оха хьуна делла Кавсар (татол а, доккха дика а)». (Сурат «ал-Кавсар» 1)

ХАЗА, ДИКА ДАХАР

Ирс хуьлуьйтуш долчу уггар даккхийчу бахьанех ду Iаламийн Дела волчу АллахIах тешар. Иза иштта хилар билггал сецна долу хIума ду, цу тIехь цхьа а шеко йац. Дерриге кхидолу вай дуьйцуш долу бахьанаш а, пайданаш а схьа а гулдина, уьш дерриге цхьана стагана совгIатана делча, цуьнгахь АллахIах тешар ца хилахь, и хазна цуьнан дагчохь ца хилахь, оцу вукхара цунна бан цхьа а пайда бац хьуна цкъа́ а. Цундела, шеца Делах тешар доцучо ирс хуьлуьйту и важа бахьанаш лоьхуш ша́ кIадван ца оьшу.

Коьрта дерг, бух – АллахI шен Дела хиларх тешар ду, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен пайхамар хиларх тешар ду, Ислам шен дин хиларх тешар ду.

ЛадогIал хьайна, сийлахьцIена волчу вайн Дала хIун боху цу хьокъехь: (АллахIах а, Цуьнан Элчанах а) тешаш а волуш дика Iамал йинарг, хуьлийла иза стаг йа зуда – Оха иза во́хуьйтур ма ву дикачу дахарца, Оха царна лур ма йу церан йал, цара деш

до́ла даьлларг санна ву».

Уггар дикачех ирс долуш, уггар даккхий диканаш долуш ву бохург ду цуьнан маьIна, баа кхача болуш, чохь Iен меттиг йолуш, могаш-маьрша верг. Ткъа и хIума дуккха нахана хуьлуш ду, делахь а царна дага ца догIу иза, уьш ца хьовсу цуьнга, и шайгахь хилар ца хаало царна.

Кхачамбацарех цIена а, лекха а волчо боху Шен Элчане: «Сайн ниIмат (дика) делла Ас шуна». ХIун ниIмат ду-те и Элчанна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхочуш хилларг?

Дуьне ду-те и? Йуург-мерг йу-те и? ГIаланаш, хIусамаш, хиллачу уггар дикачуьнца.

Ши биллам бу хьан кхузахь: АллахIах тешар, тIаккха дика Iамал йар. Бакъдолуш, (АллахIах) тешна а болуш, дика хIуманаш динарш – Къинхетаме волчо хуьлуьйтур бу царна (адамийн дегнаш чохь) безам.

Ши пайда а бу хьан кхузахь: дуьненахь а, эхартахь а дика дахар, Веза-Сийлахь волчу АллахIана гергахь йоккха йал. Кхаъ бу царна дуьненан дахарехь а, эхартахь а.

Iаид аль-Къарнин

«Са ма гатде» жайни тIера. Гочдинарг – Тазабаев Олхазар

НОВОСТИ

20 НОЯБРЯ ВСЕРОССИЙСКИЙ ДЕНЬ ПРАВОВОЙ ПОМОЩИ ДЕТЯМ



20 ноября празднуется Всемирный день ребенка. Это не совсем обычный день. Он задумывался не просто как праздник, но и как день, который помог бы обратить внимание общественности на проблемы детей во всем мире, а также на взаимопонимание между миром детей и миром взрослых.

В настоящее время Всемирный день ребенка празднуется в 145 государствах всего земного шара. Праздник посвящен деятельности, направленной на обеспечение благополучия детей во всем мире.

20 ноября 1959 года Генеральной Ассамблеей ООН была принята первая Декларация прав ребенка, которая провозглашала равные права детей в области образования, воспитания, духовного и физического развития, социального обеспечения независимо от национальности, цвета кожи, имущественного положения, общественного происхождения и т.п.

В этот же день, но уже в 1989 году, когда была подписана Конвенция о правах ребенка, Декларация прав ребенка приняла статус международного правового документа. Именно поэтому название праздника иногда именуется - Международный день прав ребенка. Декларация прав ребенка призывала всех родителей, органы власти, государственных деятелей, любые организации признать права и свободы ребенка, соблюдать их и всеми силами содействовать их осуществлению.

С 2013 года во всех субъектах Российской Федерации ежегодно проводится Всероссийская акция — Всероссийский День правовой помощи детям, установленная решением Правительственной комиссии по вопросам реализации Федерального закона «О бесплатной юридической помощи в Российской Федерации».

Ахмадова Зарема

НА ФОНЕ БОЙКОТА ИЗРАИЛЬСКОЙ ПРОДУКЦИИ СПРОС НА ХАЛЯЛЬ ПРОДУКТЫ ВЫРОС В ДВА РАЗА

Из-за военных действий Израиля в секторе Газа люди по всему миру начали массово отказываться от продукции, произведенной Израилем и его союзниками. Все чаще в качестве замены они выбирают продукцию халяль, передает Sabah.

«За последние 3 недели спрос на халяль-продукцию в мире подскочил в два раза» - отметил председатель Всемирного халяль-саммита, который состоится в Стамбуле с 23 по 26 ноября, Юнус Эте.

«Несмотря на то, что лидеры США и европейских стран молчат, их население активно высказывает свое недовольство. Во многих странах мира проходят протесты, а население бойкотирует товары из Израиля. И с каждым днем это протестное движение набирает обороты. В этой ситуации продажи халяль-продукции в мире уже возросли на 100%. Спрос увеличился на все: от продуктов питания до косметики, от лекарств до одежды. И халяльные бренды могут подорвать монополию, потому что обладают таким же или даже более высоким качеством», – заявил Юнус Эте.

ИНТЕРЕСНОЕ

ДРУЖБА В ИСЛАМЕ

Каждому человеку в жизни приходится общаться с разными людьми. Общение – одна из важнейших потребностей человека. Общаясь, мы и выбираем своих друзей. Но дружба – это близкие отношения, основанные на взаимном доверии, привязанности, общности интересов.

Что же говорится в Коране и хадисах Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) о дружбе? В Священном Коране о дружбе говорится: «Верующие мужчины и женщины являются помощниками и друзьями друг другу. Они велят совершать одобряемое и запрещают предосудительное, выплачивают закят, повинуются Аллаху и Его Посланнику. Аллах смилостивится над ними. Воистину, Аллах – Могущественный, Мудрый». (Сура аи-Тавба 71)

Хадисов Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) на эту тему также огромное количество.

Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «По отношению друг к другу верующие подобны строению, отдельные части которого поддерживают друг друга», после чего он переплел между собой пальцы рук. Также Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Души подобны воинам. Если они находят что-то общее – они объединяются, а если не находят общего – они расходятся». Из этого следует, что души, в которые изначально заложены дурные или благие свойства,

тянутся к подобным себе, поэтому праведные люди поддерживают общение с праведными, а нечестивые – с нечестивыми. Если Аллах Всевышний желает блага для Своего раба, Он дарует ему праведных людей и ограждает от нечестивых.

Води дружбу только с тем человеком, благодаря которому ты можешь получить пользу в том, что относится к миру вечному, а иметь дела с другими есть великая глупость. Не оставляйте друзей в беде, не подводите их, не предавайте, не обманывайте, не нарушайте своих обещаний. Берегите друзей, ведь потерять друзей намного легче, чем их обрести.

Мадина Магомедова

«ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН ИСТОРИ

ИБРИЕВ САЙД-ЭМИ

Республика йухаметтахIоттайинчул тIаьхьа нах цIаберзарца стамйала йолайелира «Ленинан некъ» газетан редакцин коллектив. Керла тIебогIуш болчарех цхьаццаберш газетан гIуллакх девзаш, оцу белхан доккха зеделларг долуш бара. Царах цхьаъ вара Ибриев Сайд-Эми. Коллективе веана дукха хан йалале балхана тIера хиларца, шена йуххерчу накъосташца герггара йукъаметтигаш дIахIитто хаарца билгалвелира Сайд-Эми. Дерриге а йукъариллин гIуллакхашкахь шен жигараллица къаьсташ вара иза. Эшначунна дан гIо-накъосталла, бан хьехам бара. Шеца къамел дечуьнга ладогIа а, хьаттинчунна хьекъале жоп дала а говза вара иза. Цуьнан белхан а, дахаран а, леларан а йерриге а дикаллаш йуххера йевзара суна – тхойшиъ цхьаьна, редакцин цхьана отделехь болх беш вара: Сайд-Эми газетан партийн отделан заведующи вара, ткъа со – оцу отделан могIарера белхахо.

Дуккха а диканиг Iемира суна Сайд-Эмигера: газетехь стенах лаьцна йаздан деза, карарчу хенахь мехалчарех муьлха гIуллакхаш ду, царах лаьцна муха йаздан деза. Материал кечйеш, цо хьоьхура хьаьнца къамел дар гIолехь ду, гIуллакхан муьлха агIонаш гайта йеза. ТIаккха йазйеш йолу материал, хуьлда иза статья, очерк, йа могIарера хаам, шен буьззина чулацам болуш хуьлура. Нахаца хIора дийнахь долчу дахарехь гIиллакх-оьздангалла лелоран масалш гойтура цо.

Ала деза Сайд-Эми республикехь а дика вевзаш а, наха лоруш а хилла хилар. Шайн хIора дийнахь долчу гIуллакхашкахь цунах дагабовла богIура иза вевзаш берш. Царах хIоранна а бан дика хьехам а бара цуьнан.

Сайд-Эмиа жигара дакъалоцура республикин а, редакцин а йукъараллин дахарехь. Белхан коллективехь иза йуьхьанцарчу партийни организацин секретарь, партин горкоман, райкоман декъашхо вара. Цуьнан хьехаме ладугIура обкоман, республикин Министрийн Советан куьйгалхоша а. Царна йукъахь сий-ларам а бара цуьнан.

С-Э. Ибриев вина 1926-чу шеран хIутосург беттан 21-чу дийнахь Йоккхачу АтагIахь. Цуьнан да Ибриев Сайда йуьртахь хьехархочун болх беш вара. Вайн республикехь Советийн Iедал дIахIотточу шерашкахь Сайдас дуккха а болх бира нохчийн шира эшарш, туьйранаш, дийцарш гулдеш. ЦIейаххана вевзаш волчу нохчийн поэтаца Нажаев Ахьмадца цхьаьна цо арахийцира «Нохчийн иллеш» цIе йолу книга. Цунна йукъадахара «Обарг Зелимхан илли», «Зайтан Шихмирзин илли», кхидерш а. Сайд-Эмиа шен дерриге а дахарехь Iалашбира нохчийн метте, фальклоре, вайнехан ширачу, оьздачу гIиллакхашка, Iадаташка шен дас шегахь кхоьллина, кхиийна безам, уьйр.

Дукха хьалхе да кхелхина, шен ненаца висира Сайд-Эми. Тех хьалхе девзира дахар, шен йерриге а дикачу а, вуочу а агIонашца цхьаьна. 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIаларчу №15 йолчу школе деша вахара. Ткъа 1941-чу шарахь деша мехкадаьттан рабфаке велира. Амма фашистки Германица беш хилла тIемаш гергабахкарца Соьжа-ГIалара мехкадаьттан институт а, цигахь йолу рабфак а Йуккъерчу Азе дIакхалхийра. Цул тIаьхьа дуьххьара балха вахара Сайд-Эми. Белхаш бира Нохч-ГIалгIайн респотребсоюзан финансийн декъехь, цул тIаьхьа Йоккхачу АтагIна йуххехь тIеман аэродромехь лаьтташ хиллачу буьйсанан бомбардировщикийн авиаполкехь аэродроман хьашташ кхочушдаран батальонехь.

1944-чу шеран чиллин беттан 23-чу дийнахь дерриге а нохчийн халкъаца цхьаьна Казахстане дIабахийтира ИбриевгIеран доьзал. Гира оцу бохаман инзарлла, Iаьвшира хало а. Амма дахаран кхолламо хьалхахIитточу оцу зиэрашна хьалха къар ца делира, кIел ца дисира. ЧIогIа чолхечу хьелашкахь тарктористан а, могIарера белхало волуш а белхаш бира. Цул тIаьхьа бухгалтер а, финансийн, кхечу корматаллийн белхахо а хилла къахьийгира.

ХIетахь, Казахстанехь а, Йуккъерчу Азин республикашкахь а дехаш долуш, нохчаша вовшашна тIекхаьчча, могашпаргIат аьлла бистхиллачул тIаьхьа, уггаре а хьалха вовшашка хоттура: «Вай цIа дохуьйту ца боху?» Вайнах чIогIа сатуьйсуш бара цIабахка. Вайн интеллигенцин векалша оцу хенахь дан тарлуш дерг дерриге а дора вайнах цIерабахар законехь цахиларх халкъ кхеторна а, нийсо меттахIотторна гIуллакхаш дан дезаш хиларна а. ТIаьхь-тIаьхьа, пачхьалкхан куьйгалла хийцаделла, хьал мелла а паргIатдаьлча, адамаша хозуьйтуш дIахьедан долийра цIерадаьхна халкъаш даймахка йухадерзо дезаш хилар.

Иштта, I956-чу шеран бIаьста Джамбул гIалахь а, ГIиргIизойн ССР-н Таласски областехь а бехачу нохчаший, гIалгIаший гуламаш бира, законехь доцуш цIерадаьхна халкъаш даймахка йухадерзор а, Нохч-ГIалгIайн АССР меттахIоттор а лоьхуш. Оцу гуламшкахь жигара дакъалецира Сайд-Эмис а. Иза йукъахь волчу тобано оцу гIуллакхах лаьцна Джамбул гIалин къинхьегамхойн дIахьедар кечдира КПСС-н ЦК-н а, СССР-н а куьйгалле. Нохчийн, гIалгIайн векалша и дIахьедар оцу кепара долчу кхечу кехаташца цхьаьна 1956-чу шеран асаран беттан 9-чу дийнахь дIаделира СССР-н Министрийн Советан Председателан хьалхарчу заместителе А.И. Микояне. I957-гIа шо долалуш ГIиргIизойн Компартин ЦК-с тIедилларца Сайд-Эмис жигара дакъалецира ГIиргIизойн Таласски областера нохчий, гIалгIай меттахIоттийначу Нохч-ГIалгIайн АССР-е йухаберзор вовшахтохарехь.

1957-чу шеран хIутосург баттахь даймахка йухабогIучу нохчех хьалхарчаьрца цхьаьна шен доьзалца цIавеара Ибриев Сайд-Эми. ЦIа кхаьчначу хьалхарчу деношкахь КПСС-н обкомо радиокомитетан коьрта редактор хьажийра иза. Цигахь Сайд-Эми билгалвелира хьанал къинхьегамхо хилла ца Iаш, амма дика вовшахтохархо а хиларе терра. Дукха хан йалале Москвахь КПСС-н ЦК-хь йолчу Лаккхарчу партийн школехь куьйгаллин партийни, советски белхахой кечбаран йалх беттан курсашка хьажийра иза. ТIехдика дешна, курсаш чекх а йаьхна, Нохч-ГIалгIайн Республике йухавирзинчул тIаьхьа «Ленинан некъ» газетан партийни отделан заведующи хIоттийра Сайд-Эми. Оцу хенахь цо йазйира республика экономикин а, социальни а кхиорехь, партийни болх тобарехь доккха маьIна долуш хилла йолу дуккха а статьяш а, очеркаш а.

1960-чу шеран лахьанан баттахь С-Э. Ибриев партийни балха ваьккхира. КПСС-н обкоман бюран сацамца вахийтина, партин Хьалха-Мартан райкоман шолгIачу секретаран, цул тIаьхьа партин Грозненски райокман шолгIачу секретаран белхаш бира. Ткъа I965-чу шарахь КПСС-н Веданан райкоман хьалхара секретарь хаьржира. Оцу даржехь Сайд-Эмис болх бира пхеа шарахь сов. Дуккхазза а партин обкоман декъашхо, Нохч-ГIалгIайн АССР-н Лакхарчу Советан депутат хаьржира.

1970-чу шарахь советски балха воккху С-Э. Ибриев. Йуьхьанца цо болх бо республикин Министрийн Советан отделан, Госснабан отделан хьаькам, цул тIаьхьа промышленностан, энергетикин министерствон отделан хьаькам хилла. Пенсе ваьллачул тIаьхьа тайп-тайпанчу даржашкахь хилира – республикин редакционно-издательски комплексан директоран заместитель, ткъа 1995-чу шарахь республикин промышленностан министерствон отделан хьаькам. Республикина чIогIа чолхе даьхкинчу 1998-2000-чуй шерашкахь Россин Федерацин зорбанан министерствон Нохчийн Республикехь векал вара Сайд-Эми.

С-Э. Ибриевн журналистикин кормаллехула лаккхара дешар дара. Тайп-тайпанчу белхашкахь белхан а, дахаран а доккха зеделларг IаIийра цо. С-Э. Ибриевн хьанал къинхьегам билгалбоккхуш, цунна делла правительственни 15 совгIат. Царах цунна уггаре а дезаниг дара махках ваьккхина, Джамбул гIалахь вехачу хенахь, 1948-чу шарахь йелла йолу «1941-1945-чуй шерийн Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман муьрехь хьанал, ша-шен ца кхоош къахьегарна» цIе йолу мидал. Ткъа цул тIаьхьа 57 шо даьлча Сайд-Эмиа йелира Россин Федерацин «Йукъараллин сий-ларам» аьлла йолчу къоман фондо йиллина йолу «Сийлахь-боккха Даймехкан тIом болчу хенахь тIеман, граждански декхар кхочушдарехь къонахалла гайтарна а, Сийлахь-боккхачу Толаман 60 шо кхачарца доьзна а» «Йукъараллин сий-ларам» аьлла болчу Даточу седанан юбилейни гражданский орден.

Ша ханна воккха вара аьлла ца Iаш, ша валлалц республикин йукъараллин дахарехь жигара дакъалоцуш вара Сайд-Эми. Цо боккха болх бира Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман, къинхьегаман ветеранийн Нохчийн Республикин Советан председателан заместителан даржехь а волуш. Жигара дакъалецира республикин газетийн, журналийн редакцийн балхахь. Шена тIе тидам бохуьйтуш йу цо тIеман, къинхьегаман ветеранех лаьцна а, архивийн документаша тIехь а йазйина материалаш.

- Со муьлхачу а балхахь хилча а, сан цхьа ойла хилла, - олура Сайд-Эмис, - хIора стаг декхарийлахь ву шен махкана, халкъана хьалха долу шен граждански декхар хьанал кхочушдан. Цунах йу цуьнан оьздангалла а, доьналла а, къонахалла а. И башхаллаш йолу стаг сий-ларам бан хьакъ ву.

Ша иштта стаг вара Ибриев Сайд-Эми. Иза кхелхина 2013-чу шеран асаран беттан 21-чу дийнахь.

Магомаев Салавди

ФАРЗАШ А, СУННАТАШ А

Ламаз эцна меженаш йакъош гата хьакха мега йа ца мега?

Ламаз оьцуш тIеIаьнна долу хи дегIа тIехь дакъа далийтар Iибадат ду боху суьпа лелачу наха, иштта ду иза церан жайнашкахь а, дакъадалийтича, дика ду аьлла. ДIа ма ласта дойла и хи, шен дегIана тIеластадойла. Оцу кепара долчу цу тIе гата хьакха мегар ду дера-кх. Гата хьаькхча, шен меженаш йакълур йу цуьнан, арахь шийла йелахь, чкъор этIар дац цуьнан. Вайн динехь тIаьхье маьрша йоцуш долу цхьа а хIума тIедиллина дац. Вайн дегIан могашалла а, оьздангалла а Iалашйар ду ламаз эцначул тIаьхьа гата а хьаькхна, хьо аравалар, цуьнца цхьа а бехкам бац.

Ставрополь деша воьдуш ву ша, ламазаш дарна цигахь хIун дан деза? Дешарна йукъара цаваларна делкъа а, малхбуза а, маьркъажа а ламазаш тIеттIаоьзна дан мегар дуй?

Бусалба дин дихкина долчу хенахь училищехь а, техникумехь а, институтехь а дешна ас, вайн Нохчийчохь со воллушехь, эзарнашна йуккъехь ламаз дан накъост воцуш айсса ламаз дина ас. ХIинца маьждиге а вахана, шен ламаз дича, и ламаз хIунда дина аьлла, цхьаммо а бехк боккхур бац цуьнга. ХIора стагана шена луьучу меттехь дин лело маршо йелла тахана долчу Iедало. ЖамаIатех дIа а ваьлла дуьнена и пайда лохур бу аьлла воьдуш волу стаг зен дина вогIур ву дуьненна а, эхартана а. Ша миччахь велахь а, шен ламаз тергал а деш, Iилма Iамо деза. Дуьненан Iилма оьшуш ду, ца хилча йиш йац. Шен дин а лелош гатто йелахь, и дуьне оцу агIор ма лаха эр ду шариIато.

Аваби ламазаш муха доьхку? Уьш маца дан дезаш ду?

Аваби ламазаш маьркIажан ламаз динчул тIаьхьа пхьуьйра ламазан хан хиллалц йолчу йуккъехь ду. Керста нах буьйсанна шайн пондарш локхуш, вотанаш тухуш, чучча пхьаьрсаш даьхна, дуьненах самукъадаккха арабовлу оцу заманчохь. Деле вирзина, Дела резавар лехна, хIокху дуьненах Iеха а велла, оцу керстанан новкъа ца воьдуш, чу а вирзина, Далла Iибадат дар ду Аваби бохург. И Аваби ламаз дийр ду цо иштта: кхоъ ламаз ду уьш, ши ракаIат долуш, ас нийат ди Аваби ши ракаIат суннат ламаз Далла дуьхьа дан аьлла, доьхку иза. Оцу кепара и деш хилча, кошан бода хир бац аьлла ду. Шайн ницкъ кхаьчча, зударшка дойтур дара аьлла и ламазаш эвлайааша. Иза иштта алар зударша дан деза, божаршна дан ца деза бохург дац, зударий боданах кхоьруш хиларна, кошан бода хала хир болу дела ду иза.

ЦIийндас шен хIусамнене ламаз де аьлча, дийр ду олу, йуха кхано хьаьжча, деш ца карайо. Иза кхаа доьзалхочун нана йу, ша хIун дича бакъахьа ду?

Шайн зударшка ламаз де аьлла омра дар цIийндайшна тIехь ду. «Аш лардойла шайн догIмаш а, шайн цIийнан охIла а», «Шаьш а ларло, шайн зударий а, доьзалш а ларбе» аьлла вайга. ЦIийнда декхар ву зудчуьнца и дов латто. Кхетош къамел дан гIорта веза, нагахь санна тIаккха а и тIейоьрзуш йацахь, ас йалош зуда йалайо моьттура суна, амма ас лаьцнарг иблис хилла, вайшиннан цхьаьна дахар хир дац аьлла, дIаэккха йойла цо иза. ТIаккха шен берех ца йала тIе оьцур дац-те цо и дин?

Аллерги цамгар йолуш ву со. Ламаз оьцуш, когаш ца билча ца бовлу, со и дича ца мега. Ас хIун дан деза?

Ламаз эцча бен дан мегаш а доцуш, оцу ламазан бехкамех бехкам бу ламаз карахь хилар. Ламаз оьцуш йила йезаш меженаш йу, оцу меженаш тIехь чов хуьлийла, йа кхин цамгар хуьлийла - хи кхетча, мегаш йоццу меттиган тIекхаччалц йуьлур йу, лазаме йолчу меттигна тIекхаьчча, тема дийр ду лаьттаца (хи доццу меттигашкахь деш долу тема санна). И латта Дала хи санна цIена лерина. Далла бу хастам, Цо вайна динехь хало йина йац.

Чов хилла йа цамгар кхетча, рузбане ца воьдуш, цIахь саца мегар дуй? Йа шега далучу кепара ламаз дан рузбане ваха веза?

Делан къинхетамца, массо хIуманна шорто йолуш болчу дуккха а бусалба пачхьалкхашкахь хилар нисделла сан. Оцу меттигашкахь баккхий нах шайн гIанташ а дохьуш богIу маьждиге, оцу гIанта тIе а хуьйшуш, шайга далучу кепара ламаз до цара. Кхечу нахе санна, шега ламаз ца дало аьлла, рузбанах дIахада бакъо йолуш вац цхьа а. Ша маьждиг чу вахалуш велахь а, рузба чекхдаллалц цу чохь Iалуш велахь а, шен цIахь санна аьтто а лехна, рузба дийр ду цо. Кхидолу ламаз а санна, фарз ма ду и рузба, хьехаме ладогIаран дуьхьа рузбане ваха веза.

Хаттаршна жоьпаш делла
КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо
Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас

ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!
33 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.
Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.

Учредитель:
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров
Основатель газеты М. Д. Заурбеков
Главный редактор Ф. М. Заурбекова

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
Телефон: 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 22.11.2023 г. 15:00. Подписано в печать: 22.11.2023 г. 16:00. Заказ №_____ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+